PUPUH XXVII: POCUNG (12u, 6a, 8i, 7a)

No.	Alih Aksara	Terjemahan
1.	**(h.186)** Kanca kula paman titiga kang tatu nging datan punapa sadaya jajar prajurit Kedhu kalih Suraya ingkang satunggal	Teman saya paman, tiga yang terluka tetapi tidak mengapa, semua prajurit jajar Kedu dan Suraya yang seorang.
2.	Kang Bulkiya pan lujěng sědayanipun nging mas putu Basah kancanipun kathah kanin kang prajurit pinilih mapan pitulas	Bulkiya semuanya selamat hanya mas cucu Basah prajuritnya banyak yang terluka. Prajurit Pinilih ada tujuh belas,
3.	Ngabeinya satunggal surawaniku samya tan punapa Jěng Sultan mesěm něbdaris Sampun paman sagung kang tatu sadaya	*Ngabei*nya satu sangat pemberani, semua tidak (terluka). Kanjeng Sultan tersenyum halus katanya, “Paman sudahkah semua yang terluka
4.	Sampeyan ken angantukakěn rumuhun Pangran Bei turnya sandika wus luwar aji měsanggrahan měngkana wus tan winarna	Anda perintahkan dipulangkan dahulu.” Kata Pangeran Bei, “Ya bersedia.” Sudah selesai Sang Raja beristirahat. Demikianlah tak diceritakan.
5.	Sampun lama Jeng Sultan wontěn ngriku mapan pitung dina kapir langkung kěndhakneki lawan murtad tan purun mědali yuda	Sudah lama Kanjeng Sultan berada di situ, selama tujuh hari. Kafir sangat terpukul dan murtad tak mau maju perang,
6.	Mapa-**(h.187)**-n měmpěn aneng Kalitan iku Ki Maja aturnya dhumatěng Sri Narapati ing Kalitan ngaturan bědhah punika	Diam bersembunyi di Kalitan. Kata Ki Maja, kepada Sang Raja, diminta menyerang Kalitan.
7.	Kangjěng Sultan anuruti aturipun budhal sing Koripan sawadya kuswa tan keri	Kanjeng Sultan menuruti sarannya. Berangkat dari Koripan beserta prajurit dan hambanya tak ada yang ketinggalan.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	prapta Pěngging mapan nulya měsanggrahan	Tiba di Pengging lalu berkemah
8.	Aneng umbul něnggih kělangěnanipun Kangjěng Suhunan Sala ingkang toya langkung wěning mina kathah Kangjěng Sultan pan kacaryan	di Umbul tempat peristirahatan milik Kangjeng Susuhunan Sala, airnya sangat bening, ikannya banyak Kanjeng sultan sangat menyukainya,
9.	Dadya engět mring kang rayi Kangjěng Ratu pan wus tigang wulan Kangjěng Sultan ngantěp jurit Ngantos supe, mangkya engět ing tyasira	menjadikan teringat akan Kanjeng Ratu. Karena sudah tiga bulan Kanjeng Sultan maju perang sampai lupa, sekarang teringat dalam hati.
10.	Sarěng mulat toya wěning umbul agung lan kathah minanya lawan wontěn bulusneki, sela gilang dadya engět Selaraja	Setelah melihat air bening di umbul besar dan banyak ikannya dan ada kura-kuranya batu *gilang* menjadi teringat Selareja.
11.	Dadya ewah Kangjěng Sultan niyatipun kadya kenging coba Ki Maja sring sinrang iki Pun Kali-**(h.188)**-tan benjang punapa binědhah	Menjadi berubah Kanjeng Sultan semangatnya, bagai mendapat cobaan. Ki Maja sering menanyakan besok kapan Kalitan diserang?
12.	Kangjěng Sultan mapan esmu gěla tuhu dhumatěng Ki Maja saya keh těka turneki de kapir murtad wus tan bisa	Kanjeng Sultan agak kecewa sesungguhnya, kepada Ki Maja. Semakin banyak yang diucapkannya, bahwa kafir dan murtad tak berdaya lagi.
13.	Lamun mětu Pangran Mangkubumi sampun salapan wus seda kenging pelor wěntisneki marmanira Ki Maja pan saya dadra	Kalau menyerang, Pangeran Mangkubumi sudah tiga puluh lima hari wafat, kena peluru di betisnya, oleh karenanya Ki Maja semakin menggebu

No.	Alih Aksara	Terjemahan
14.	Těkaburnya měngkana pangucapipun sapa denandělna pan wong Sala iku kabeh bapakane pan muride bapak ingwang	takaburnya, demikian ucapannya, “Siapa yang diandalkan? Semua orang Sala itu ayahnya adalah murid bapakku,
15.	Ing saiki mapan kabeh muridingsun měngkana Jěng Sultan Kyai Maja dendukani pan nanging ya kenděl sakědhap kewala	sekarang semua muridku.” Demikianlah Kanjeng Sultan, Kyai Maja dimarahi, tetapi ya hanya berhenti sebentar saja.
16.	Sabab Pajang pan sampun dadi sadarum nanging kantun Sala lawaning Kalitan iki Boyalali punika kang dereng bědhah	Karena Pajang sudah menjadi (sekutu) semua, hanya tinggal Sala, dan Kalitan ini, Boyolali yang belum ditaklukkan.
17.	Nanging sampun sědaya tan sagěd matur marma **(h.189)** Kyai Maja kělangkung těkaburneki saběn dina ngaturi bědhah Kalitan	Tetapi semua sudah tak bisa berkata. Maka Kyai Maja sangat takabur, setiap hari mengajak menaklukkan Kalitan.
18.	Nanging tiga punika kang dereng rěmbug Seh Ngusman Li Basah lawan Basah Iman iki Pangran Bei kědah ingěntos kewala	Hanya tiga ini yang belum sepakat, Seh Ngusman Alibasah dan Basah Iman, Pangeran Bei harus ditunggu saja.
19.	Kyai Maja mapan sangět aturipun nulya tinurutan gya němbang těngara jurit piněrtiga lampahe wadya sědaya	Kyai Maja sangat mendesak lalu dituruti, lalu membunyikan tanda perang, dibagi tiga perjalanan semua prajuritnya.
20.	Saking gěnge prajurit Pajang Mentarum lawan Kědhu ika mapan kathah nusul sami wus tinata Kyai Maja tindhihira	Karena besarnya prajurit Pajang, Mataram, dan Kedu banyak yang menyusul, sudah ditata Kyai Maja sebagai pimpinannya.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
21.	Lawan lajĕng Pangeran Ngabehi iku paman sampun budhal wadya gĕng saking ing Pĕngging Kangjĕng Sultan ayun ningali kewala	Dan lalu Pangeran Ngabehi sudah berangkat. Semua prajurit dari Pengging. Kanjeng Sultan ingin melihat saja.
22.	Mapan miyos radinan agĕng puniku ingkang dherek ika gamĕl ponakawan ngampil prapta Pasar Asĕm kendĕl Kangjĕng Sultan	Melalui jalan besar yang mengikuti tukang kuda dan abdi yang membawa perlengkapan upacara, sampai di Pasar Ngasem berhenti Kanjeng Sultan
23.	Mapan lĕnggah neng nga-**(h.190)**-ndhaping asĕm iku kang nglarug wus prapta Kalitan campuhing jurit langkung rame swarane ingkang sĕnjata	duduk di bawah pohon asam. Yang menyerang sudah sampai, di Kalitan terjadinya peperangan, sangat ramai suara senjata.
24.	Kang mĕriyĕm lawan sĕnjata lit paku mapan bĕrondongan tan dangu nulya ningali ingkang bĕsmen bromala kung agĕngira	Meriam dan senjata kecil berdentuman tak beberapa lama terlihat kebakaran api besar membara.
25.	Kangjĕng Sultan nulya utusan mrikseku Lurah Nangsa ika kalawan mantri satunggil pan kapalan kang nama Malangprawira	Kanjeng Sultan lalu mengutus untuk memeriksa. Lurah Nangsa dengan seorang mantri, berkuda yang namanya Malangprawira.
26.	Bratakesamantri punika ranipun kalih sĕsandĕran wus prapta kapĕthuk nuli lawan husar binujung kalih lumajar	Bratakesamantri itu namanya, keduanya bergegas, sudah sampai lalu bertemu dengan hussar dikejar lalu lari.
27.	Wangsul prapta ngarsane Kangjĕng Sang Prabu kasĕsa turira	Kembali sampai di hadapan Sang Raja, tergesa katanya, “Abdi semuanya mundur

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	didalěm pan mundur sami ingkang hussar mbujung marika sadaya	husar mengejar.”
28.	Kangjěng Sultan esmu maiběn puniku marang aturira Malangprawira puniki dene during ana kanga tur uninga	Kanjeng Sultan tidak terlalu mempercayai akan ucapan Malangprawira itu, karena belum ada yang memberitahu.
29.	**(h.191)** Lan prajurit dene during ana mundur tan dangu katingal undurnya sagung prajurit medal galěng sabin lawan iring arga	Dan prajurit belum ada yang mundur. Tak beberapa lama nampak, mundurnya semua prajurit, melewati pematang sawah serta tepi gunung.
30.	Kangjěng Sultan ismu lingsěm dadya běndu dene undurira datan medal margi sami nulya mundhut titiyan Ki Jayacapa	Kanjeng Sultan merasa malu menjadikan kemarahan, mengapa mundurnya tidak melalui jalan yang sama. Lalu meminta tunggangan Ki Jayacapa,
31.	Nulya katur Sri Nalendra nitih sampun mring Ki Jayacapa lajěng aněrajang iki paluh galěng kalen mapan datan mawang	diberikan (kepada) Sang Raja (dan) sudah ditunggangi Ki Jayacapa lalu menerjang lumpur pematang selokan tanpa ragu.
32.	Kang prajurit sadaya sarěng andulu dhumatěng Jěng Sultan samya kenděl langkung ajrih Pangran Bei lan Ki Maja gya katingal	Semua prajurit ketika melihat pada Kanjeng Sultan semua terdiam sangat ketakutan. Pangeran Bei dan Ki Maja segera tampak,
33.	Lajěng soan dhumatěng Kangjěng Sang Prabu Basah kalih samya prapta sagung kang prajurit sami kenděl dhědhěg aneng ngara-ara	lalu menghadap pada Sang Raja, bersama kedua Basah. Datang para prajurit semua berhenti di tanah lapang.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
34.	Lajěng baris tumingal sangsata[1] běndu dhumatěng Ki Maja kalawan Jěng Pangran Bei sru ngandika dene tan padha ngapaa	Lalu pasukan melihat Sang Raja marah kepada Ki Maja dan Pangeran Bei keras berkata, “Mengapa tidak berbuat apa-apa?
35.	Mundhak ga-**(h.192)**-we gědhe marang ati mungsuh tumungkul Ki Maja lan Kangjěng Pangeran Bei langkung ajrih kalih tan sagěd matura	Semakin membesarkan hati musuh.” Tertunduk Ki Maja dan Kanjeng Pangeran Bei, sangat takut tak bisa berbicara.
36.	Basah Ngusman mangkana ing aturipun Kawula tan ina lan sakanca sampun ngrampit ingkang beteng lan anak Kěrtaněgara	Basah Ngusman demikian katanya, “Hamba tidak hina dengan teman-teman sudah mengepung beteng dan anak Kertanegara.
37.	Griya sampun ken kula běsmi sadarum pan kantun satunggal ing gennya wurohaneki tan uninga yen kanca mundur sadaya	Rumah sudah saya suruh bakar semua, hanya tinggal satu dalam serangan bersama ini, tak tahu kalau teman-teman mundur semua.
38.	Undur amba kalawan anak Tuměnggung pan tan angsal marga kapir sampun ambuntoni lajěng ngamuk marma marma amba angsal marga	Mundur saya dengan putra Tumenggung karena tak mendapatkan jalan kafir sudah menutup lalu mengamuk maka hamba mendapat jalan
39.	Kangjěng Sultan měngkana lajěng andangu sapa ingkang rusak tata iku marai Basah Usman umatur botěn uninga	Demikianlah Kanjeng Sultan lalu bertanya, “Siapa yang merusak tatanan itu yang (menjadi) sebab.” Basah Usman berkata tidak tahu
40.	Pangran Bei lan Ki Maja tan matur tumungkul kewala	Pangeran Bei dan Ki Maja tak berbicara menunduk saja.

[1] Sesuai konteks dibaca *sangsaya*

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	Dulah Khaji Badarodin ris turira kawu-**(h.193)**-la ingkang uninga	Dulah Haji Badarudin tenang katanya, “Hamba yang tahu,
41.	Ingkang dados marganipun samya mundur pan sarĕng uninga abdi dalĕm wontĕn sabil nging kĕkalih lajĕng bibrah tatanira	yang menjadi sebab semua mundur. Setelah tahu abdi tuan ada yang sabil, hanya dua lalu rusak tatanan.
42.	Ma tan tangled kalawan husaripun pan kalih kawula sakanca sadaya sami ingkang husar mapan sampun kathah pĕjah	Tanpa bertanya kepada husarnya dan kepada hamba, semua pasukan pasukan berkuda sudah banyak yang tewas.
43.	Nuntĕn abdi dalĕm Seh Mĕntaram iku prapta sabillollah kĕlajĕng pĕngamukneki ngulami gĕng ingkang mulang Wanakrama	Lalu abdi tuan Seh Mataram itu sudah sabilullah, terlalu (berani) amukannya, ulama besar yang mengajar di Wanakrama.
44.	lan satunggal abdi dalĕm lurah Mandhung pun Gagat Taruna Lajĕng abdi dalĕm sami Mundur bibrah mapan mapan tan kenging tinata	Dan satu abdi tuan lurah mandung Gagat Taruna. Lalu abdi tuan semua mundur bubar tak bisa ditata.”
45.	Sri Narendra sarĕng pirsa aturipun Seh Kaji punika lamun Seh Mĕntaram prapti sabilollah dadya mĕdal ingkang duka	Sang Raja setelah mendengar kata-kata Seh Kaji itu, kalau Seh Mataram sampai sabilullah menjadi meledak amarahnya
46.	Mring kang paman lawan Kyai Maja iku pan kinen mangsulna sagunge ingkang prajurit Sri Na-**(h.194)-**lendra arsa jĕnĕngi pribadya	kepada pamanda dan Kyai Maja. (Mereka) diminta mengembalikan semua prajurit Sang Raja ingin melakukannya sendiri.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
47.	Gya tinata kang prajurit pinartělu sagung pra dipatya Měntawis lan Kedhu iki mapan kinen mědal sing kidul sadaya	Segera prajurit ditata dibagi tiga, para adipati Mataram dan Kedu diperintahkan melalui selatan semua.
48.	Wadya Pajang kinen medal ler sadarum ingkang dadya dhadha sagung prajurit jro sami Basah kalih mapan dadya pangiridnya	Prajurit Pajang diperintah melalui utara semua, yang menjadi dada semua prajurit dalam, kedua Basah sebagai pemimpinnya.
49.	Gya těngara mangkat sarěng praptanipun ing Kalitan samya pan lajěng kiněpang kikis nanging kapir pan lajěng kenděl kewala	Lalu membuat tanda keberangkatan bersamaan sampainya di Kalitan semuanya, lalu mengepung rapat tetapi kafir lalu diam saja.
50.	Datan purun měthukneng barisan iku langkung kedhěpira tigang atus winětawis pan kalěbět kalih arahan punika	Tidak mau menghadapi pasukan sangat ketakutan, kira-kira ada tiga ratus termasuk dua sasaran.
51.	Lan mariyěm kalih kang denadhěp iku tan purun ngungělna anglir mitěnggěngěn sami dipunledhek nging kapir kenděl kewala	Dan dua meriam yang di depannya itu, (mereka) tak mau menyalakan. Semua seperti terhenyak diejek, tetapi kafir diam saja.
52.	Basah kalih samya ngatas mring Sang Prabu ayun riněbasa **(h.195)** nging Sang Nata tan marěngi kinen nganti ungěle mariyěmira	Kedua Basah lalu memohon kepada Sang Raja, ingin menyerang, tetapi Sang Raja tidak mengijinkan, disuruh menunggu bunyi meriam.
53.	Kangjěng Sultan langkung wělas ing tyasipun marang kapir ika dadya wus karsaning Widi	Kanjeng Sultan sangat berbelas kasihan hatinya kepada kafir. Jadi sudah kehendak Tuhan,

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	pan mangkana Sri Narpa usiking driya	Demikianlah gejolak hati Sang Raja,
54.	Lamun ingsun rusaka pasthi yen gěmpur iya kadar pira nanging kang sunkuwatiri nora wurung pěsthi banjur marang Sala	Kalau aku rusak pasti akan hancur, tidak seberapa, tetapi yang aku khawatirkan, tak urung pasti akan ke Sala.
55.	Lamun tumpěs iya apa kang sunrěbut nora wurung ika kaya dhek pělengkog iki kang suntědha kapir murtad nging elinga	Kalaupun habis apa yang kurebut? Tak urung ini seperti ketika memutar itu, yang kumohon kafir murtad semoga sadar.
56.	Lan wus wěngi Kangjěng Sultan nimbali iku dhumatěng kang paman Kangjěng Pangeran Ngabei lan Ki Maja kalih sampun prapta ngarsa	Sudah malam Kanjeng Sultan memanggil pada pamanda Kanjeng Pangeran Ngabei dan Ki Maja, keduanya sudah tiba di hadapan
57.	Ris ngandika paman Bei paman sagung prajurit sadaya sampeyan ken mundur sami sampun dalu manah kula sampun gěla	Halus katanya, “Paman Bei semua para prajurit anda perintahkan mundur semua. Sudah malam hatiku sudah kecewa.
58.	Benjing-enjing kewala paman riněmbug Pangran Bei turnya sandika gya marentahi marang **(h.196)** sagung prajurit kinen ngundura	Besok pagi saja paman dibicarakan.” Pangeran Bei katanya, segera menjalankan perintah, kepada para prajurit diperintahkan untuk mundur.
59.	Gya těngara prajurit pan samya mundur Kangjěng Sultan nulya kondur marang Pěngging malih kapir mapan ngungělkěn mryěm ping tiga	Segera membuat tanda semua prajurit mundur. Kanjeng Sultan lalu, kembali ke Pengging lagi, kafir membunyikan meriam tiga kali.
60.	Sarěng sampun kalih dina antaranipun Kyai Maja ngatas	Setelah kira-kira dua hari Kyai Maja memohon

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	kalawan Pangeran Bei nuwun karsa punpatan dendugekna	bersama Pangeran Bei, “Mohon perintah lalu dilanjutkannya,
61.	Inggih bĕdhah loji Kalitan Sinuhun mesĕm Sri Narendra lawan angandika aris botĕn paman pan kula ajĕng uninga	menyerang loji Kalitan Sinuhun.” Tersenyum Sang Raja dan berkata halus. “Tidak paman saya akan mencari tahu,
62.	Kartasura mapan pundi prĕnahipun dene kapir ika kajĕnge paman nututi Pangran Bei atanya dhatĕng Ki Maja	Kartasura di mana arahnya, adapun kafir biar mengikuti, pamanda.” Pangeran Bei bertanya pada Ki Maja,
63.	Pundi dhusun kang cĕlak Kartasureku Ki Maja aturnya Kĕjawi Kalinggen iki nulya kinen karya pĕsanggrahan ika	“Mana desa yang dekat Kartasura?” Jawab Ki Maja, “Selain ini adalah Kalienggen.” Lalu memerintahkan membuat pesanggrahan.
64.	Sampun dadya gya atur uninga iku Jĕng Sultan wus budhal saking Pĕngging sawadyeki tan winarna ing Kalinggen sampun prapta	Sudah terwujud segera memberi tahu. Kanjeng Sultan sudah berangkat, dari Pengging beserta prajuritnya. Tak diceritakan sudah tiba di Kalinggen.
65.	Nanging kapir sampun alit ing **(h.197)** tyasipun tan purun majĕnga Kangjĕng Sultan kang winarni kang neng nala nanging Jĕng Ratu kewala	Tetapi kafir sudah kecil hati, tak mau menyerang. Diceritakan Kanjeng Sultan, yang ada di pikiran hanya Kanjeng Ratu saja.
66.	Ayun kondur dereng wontĕn margenipun ngantos pitung dina neng Kĕlinggen Sri Bupati Pangran Bei lan Ki Maja asring ngatas	Ingin pulang belum ada jalannya. Hingga tujuh hari, Sang Raja di Kelinggen, Pangeran Bei dan Ki Maja sering mohon
67.	Magut yuda Sang Nata datanpa yun mĕngkana kang prapta	maju perang, Sang Raja tak bersedia. Demikianlah yang datang,

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	Kanngjěng Pangran Ngabdul Raim Hadisurya anusul sawadyanira	Kanjeng Pangeran Ngabdul Raim, Hadisurya menyusul dengan prajuritnya.
68.	Gya dinangu ing saneskara wus katur sadaya Jěng Sultan oněngnya dhatěng kang rayi nging sinamur sarya mesěm angndika	Lalu ditanyai, segalanya dihaturkan, semua (kepada) Kanjeng Sultan. Kerinduannya kepada adinda, tetapi disamarkan sambil tersenyum berkata,
69.	Mapan dangu mring Ki Kasan Běsari ku kene pa wus rata won ging Pajang kabeh iki lawan pira kang dadi prajuritira	bertanya kepada Ki Kasan Besari itu. “Di sini apakah sudah takluk? Orang Pajang semua ini, berapa yang menjadi prajuritmu?
70.	Ingkang sira cěkěl dhewe prajurit iku Kasan Běsari turnya mapan sewu kang prajurit dene Pajang pan sampun radin sědaya	Yang kaupegang sendiri parajurit itu?” Kasan Besari menjawab, “Seribu prajurit, adapun Pajang sudah takluk semua.
71.	Ing sakilen margi kawula sědarum Jatosnem wangkiti-**(h.198)-**ra kang ler pulo kadang ngaji wetan marga něnggih Pangran Natapraja	Di sisi barat jalan orang kita semua, Jatinom batasnya. Yang di utara *pulo* saudara raja, timur jalan adalah Pangeran Natapraja,
72.	Mapan sampun Sinuhun radin sědarum Sang Nata ngandika dhumatěng Pangeran Bei paman Bei Kasan Běsari punika	semua sudah Sinuhun taklukkan.” Sang Raja berkata kepada Pangeran Bei, “Paman Kasan Besari ini
73.	Mapan kula ganjar nama puniku Basah prajuritnya sampun jangkěp sewu iki Pangran Bei aturnya mapan sandika	aku beri gelar nama Basah prajuritnya sudah genap seribu.” Pangeran Bei menyatakan setuju.
74.	Wus mupěkět sagung pratiwa nung-anung Sang Nata anulya andangu dhatěng kang rayi	Sudah mufakat semua punggawa dan petinggi. Sang Raja lalu

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	Ngabdul Raim sira gawa bala pira	bertanya kepada sang adik Ngabdul Raim, engkau membawa berapa prajurit?”
75.	Pangran Hadisurya mapan aturipun gangsal atus nata sabab pun Cakranĕgari amba tilar atĕngga wontĕn Ngrĕjasa	Kata Pangeran Hadisurya, “Lima ratus raja, sebab Cakranagara hamba tinggal menunggu Ngrejasa.”
76.	Sangsayengĕt Sang Nata mring Kangjĕng Ratu mesĕm angandika dhatĕng kang paman Ngabei paman Bei ing Pajang sampeyan tĕngga	Semakin teringat Sang Raja akan Kanjeng Ratu, tersenyum dan berkata kepada pamanda Ngabei, “Paman Bei di Pajang engkau tunggu,
77.	Pan dadosa wakil kawula puniku ing Pajang sĕdaya sampeyan kang misesani sampun yuda yen bo-**(h.199)**-tĕn kapir kang prapta	jadilah wakil saya, di Pajang semuanya, anda yang menguasai, Jangan bertempur kalau kafir tidak mendatangi,
78.	Mapan kula yun mantuk dhatĕng Mĕntarum ngluwari ubaya duk aneng Kasuran Nguni ayun cukur heh Kasan Bĕsari sira	Aku ingin pulang ke Mataram menepati janji ketika di Kasuran dahulu, ingin cukur. Heh Kasan Besari engkau
79.	Apa uwis kaduga tunggu bawahmu lamun rinusuhan iya marang ing si kapir Basah Kasan Bĕsari matur kaduga	apakah sudah bisa menjaga bawahanmu, jikalau digangu oleh si kafir.” Basah Kasan Besari menyatakan sanggup,
80.	Lamun tĕksih tinĕngga prajurit tuhu Mĕntawis punika sagĕndhinge laknat kapir pan kadugi mesĕm Kangjĕng Sri Nalendra	Kalau benar masih dijaga prajurit Mataram itu sepuasnya kafir laknat masih sanggup.” Tersenyum Sang Raja.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
81.	Angandika malih mring kang paman iku lan si Natapraja mapan sampeyan timbali wetan margi punapa sampun dentata	Berkata lagi kepada pamanda, “Dan si Natapraja supaya Anda panggil. Apakah timur jalan sudah ditata?
82.	Prajuritnya lawan pintěn kathahipun Pangran Bei turnya sandika něbda Sang Aji Ngabdul Raim sira during oleh karya	Berapa jumlah prajuritnya?” Pangeran Bei menyatakan Siap. Berkata Sang Raja, “Ngabdul Raim engkau belum mendapat tugas,
83.	Ingsun tinggal lawan paman Bei iku lan si Mertalaya poma den angati-ati pan sědaya aturnya sa-**(h.200)**-mya sandika	aku tinggal dengan Paman Bei, dan si Mertalaya, haraplah berhati-hati.” Semua menyatakan bersedia.
84.	Wong Měntaram lan kedusun gawa mundur sunduga wus sayah nulya budhal Sri Bupati sing Kělinggan sawadya kusa sadaya	Orang Mataram dan Kedu aku bawa mundur, aku duga sudah lelah.” Lalu Sang Raja berangkat dari Kelinggen bersama prajurit dan abdi semuanya.
85.	Mapan nitih Ki Jayacapa puniku ing tyasnya nalendra sědaya praptaa iki ing Ngrějasa Kangjěng Ratu kang neng driya	Menunggang Ki Jayacapa, dalam hati raja segera sampailah di Rejasa, Kanjeng ratu yang ada dalam pikiran.
86.	Dadya samya kantun kang prajurit sagung lan ngampil Ki Maja nanging kang sagět nututi Basah Kamil lan Raden Prawiradirja	Jadi semua prajurit ditinggal dan abdi *ngampil* Ki Maja, tetapi yang bisa mengejar Basah Kamil dan Raden Prawiradirja
87.	Abu Sungeb mapan samya kudanipun sěkawan punika prang gěmun pun madras iki lan pun Sěmar pan samya kuda payudan	Abu Sungeb bersama kudanya berjumlah empat (ekor) yaitu Prang, Gemun, Madras dan Semar semua kuda perang.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
88.	Ing Kělinggen pan lampahan tigang dalu saking ing Ngrějasa sědina kewala prapti langkung kagyat Paněmbahan měthuk nulya	Ke Kelinggen berjalan tiga malam dari Rejasa sehari saja sampai, sangat terkejut Panembahan lalu menyambut.
89.	Lan Pangeran Dulmajid lawan iku Pangran Dipakusuma mapan iku enggal mijil saking Yogja lajěng anungkěmi pada	Dan Pangeran Ngabdul Majid serta Pangeran Dipakusuma segera datang dari Yogya lalu bersujud di kaki.
90.	**(h.201)** Nanging měksih neng luhur turangga iku padanya Jěng Sultan sinungkěman kanan kering mring kang rayi mapan lawan ingkang putra	Masih di atas kuda itu kaki Kanjeng Sultan disujudi kanan dan kiri oleh adinda dan putranda.
91.	Ri sawusnya kang jěnggul tan nulya laju Kangjěng Paněmbahan katingal gya mělajěngi Sri Nalendra nulya tědhak saking kuda	Setelah itu si Jenggul tak mau maju Kanjeng Panembahan nampak lalu datang sambil berlari. Sang Raja lalu turun dari kuda.
92.	Paněmbahan Jěng Sultan nulya rinangkul pan esmu karuna lir supěna ing tyasneki mapan lěnggah sakědhap aneng pandhapa	Oleh Panembahan Kanjeng Sultan lalu dipeluk sambil bertangisan. Seperti bermimpi rasanya, duduk-duduk sebentar di pendapa.
93.	Kang putra tri sadaya pan samya měthuk lajěng lěnggah tata nging Jěng Ratu tan kaeksi Paněmbahan aris denira atanya	Tiga putranya semua datang menyambut, lalu duduk berjajar, hanya Kanjeng Ratu tak tampak. Panembahan perlahan bertanya,

No.	Alih Aksara	Terjemahan
94.	Dene Sultan kondur tan ngiring wadya gung lan ngampil tan ana Ki Maja lan adhi Bei apa sira sultan kasĕsĕr ing yuda	“Mengapa Sultan pulang tanpa diiringi prajurit? juga tak ada pembawa *kampil*, Ki Maja dan adinda Bei, Apakah Sultan kalah di peperangan?
95.	Ingkang ngiring pan nanging jaran tĕtĕlu banjur nora nana dadya nging prapta pribadi lawan gamĕl sawi-**(h.202)**-ji pan nora gawa	Yang mengiringi hanya tiga kuda lalu menghilang, jadi hanya datang sendiri, dan tukang kuda satu pun tidak dibawa,
96.	Bangĕt tĕmĕn kagete pan ateningsun mesĕm Sri Nalendra lawan angndika aris tra sampeyan Kyai tan wontĕn katingal	sangat terkejut hatiku.” Tersenyum Sang Raja, dan halus katanya, “Kyai, putra Anda tak kelihatan?
97.	Kang pra putri punika pĕpak sĕdarum ingkang sĕpuh samya lajĕng atur salam sami ingkang anem sampun ngabĕkti sadaya	Para putri lengkap semuanya. Yang tua semua lalu memberikan salam, yang muda sudah bersujud semua.
98.	Raden Ayu Panĕmbahan sampun matur pan rayi paduka Jĕng Ratu kula aturi miyos datan arsa mesĕm Sri Nalendra	Raden Ayu Panembahan sudah mengatakan, “Sang adinda paduka kanjeng Ratu saya minta keluar tidak mau.” Tersenyum Sang Raja
99.	Ris ngandika Kyai sampeyan kantun Neng ngriki kewala kawula tan kawon jurit sĕlak ajĕng uninga putra sampeyan	perlahan katanya, “Kyai, Anda tinggal di sini saja, aku tidak kalah perang, (aku) sangat ingin mengetahui putri Anda.
100.	Marma kantun punika sadaya sagung mangke ingkang prapta yen soan sampeyan panggihi nulya kondur mesĕm Kangjĕng Pnĕmbahan	Maka tinggallah ini semua nanti kalau (ada) yang datang, kalau menghadap, Anda yang menemui.” Lalu pulang sambil tersenyum Kanjeng Panembahan.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
101.	Kangjěng Sultan kang **(h.203)** dherek Den Ayu Sěpuh dalěm tan kěpanggya lajěng mring paněpeneki Sri Nalendra Kangjěng ratu wus kěpanggya	Yang mengikuti Kanjeng Sultan Raden Ayu Sepuh "Saya tidak bertemu." Lalu menuju tempat bersemadi, Sang Raja lalu bertemu Kanjeng Ratu.
102.	Tan winarna sadaya niskaranipun mapan ya měngkana Jěng Ratu salamineki lamun lami tan kěpanggih kang raka	Tak diceritakan semuanya, karena demikianlah Kanjeng Ratu selama ini, kalau lama tidak bertemu sang kakanda.
103.	Pan kělangkung Kangjěng Ratu lingsěmipun ingkang dherek samya prapta sowang-sowang sami Kangjěng Sultan Kangjěng Ratu kang winarna	Kanjeng Ratu sangat malu (abdi) yang mengikuti semua datang sendiri-sendiri. Kanjeng Sultan dan Kanjeng Ratu diceritakan,
104.	Ingkang lagya samya sangět oněngipun měngkana winarna Kyai Maja lagya prapti lawan ngampil myang sagung pra ngulama	sedang sangat dilanda kerinduan. Demikianlah diceritakan, Kyai Maja baru saja datang, beserta pembawa *kampil* dan beberapa ulama,
105.	Lawan putra santana myang pratiwa gung wus prapta sadaya Basah Dullah sampun panggih lan Ki Maja lajěng soan Sri Nalendra	dan putra, kerabat, serta punggawa besar semua sudah datang. Basah dullah sudah bertemu Dengan Ki Maja lalu menghadap Raja.
106.	Paněmbahan ingkang manggihi sědarum aneng ing pandhapa ing nguni sampun winěling Paněmbahan wau dhumatěng kang putra	Panembahan yang menemui semuanya di pendapa, sebelumnya sudah diberi pesan, Panembahan oleh sang putra.
107.	Kyai Maja nulya atur salam sa-**(h.204)**-mpun myang Seh Basah Ngusman	Kyai Maja lalu sudah memberikan salam, juga Seh Basah Ngusman dan semua ulama.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	lan sagung ngulama sami kang pratiwa samya tur bakti sadaya	Para punggawa semua bersujud
108.	Lawan ingkang pra putra sěntana iiku[2] Paněmbahan aněbda aris sarwi mesěm iki Kyai Maja ing mangke ratu andika	dan para putra kerabat Panembahan berkata halus sambil tersenyum, “Kyai Maja sekarang rajamu
109.	Nora kěna lamun sineba puniku lagya mangun tapa pan manira ingkang wakil mapan kinen aněmoni marang andika	tidak bisa menerima penghadapan, sedang melakukan tapa, aku yang mewakili, diperintah untuk menemui Anda.”
110.	Nulya samya pinaring dhaharan sampun wěradin sadaya lawan pagujěngan sami mapan sampun tan wontěn ingkang tinata	Lalu semua dijamu santapan makan, merata semuanya sambil saling bercanda, tak ada lagi yang tertata.
111.	Nulya kangjěng Paněmbahan něbda arum dhumatěng ki Maja lan sagung kang samya prapti wus kalilan samya mantuk sowing-sowang	Lalu kanjeng panembahan berkata halus pada Ki Maja dan kepada semua yang datang, sudah diijinkan pulang ke tempat masing-masing.
112.	Dadya sami egar tyas sědayanipun mapan badhe panggya lan anak rabinya sami sampun mundur sing ngarsa Jěng Paněmbahan	Jadi semua senang hatinya, karena akan bertemu dengan anak istrinya. Sudah mundur dari penghadapan Kanjeng Panembahan
113.	Kang prajurit samya němbang těngareku budhal sing Ngrějasa samya mantuk wismaneki sowing-sowang měngkana wus tan winarna	Para prajurit semua membunyikan tanda berangkat dari Rejasa, semua pulang ke rumah masing-masing. Demikianlah tak diceritakan.

[2] Lebih satu suku kata

No.	Alih Aksara	Terjemahan
114.	Kangjěng Sultan nulya sampun paras iku ing bakda Jumungah dadya samya bela iki sagung Islam pan sampun cukur sadaya	Kanjeng Sultan lalu sudah mencukur rambut setelah Jum'atan, jadi semua mengikuti, semua (orang) Islam sudah bercukur.
115.	Ing Měntaram Pajang kalawan ing Kědhu Pagělen sedaya Lědhok Gowong jawi kori pan wěradin samya bela cukur ika	Di Mataram, Pajang dan Kedu Bagelen semuanya Wonosobo *jawi kori* semuanya sama, ikut bercukur.
116.	Myang pěkathik buruh kere samya cukur punika sadaya datan mawi dendhawuhi kadya sampun karsaning Allah Tangala	Dan *pekathik* buruh fakir semua mencukur rambut. Ini semua tanpa diperintahkan, seperti sudah kehendak Allah Ta'alla.
117.	Sagung Islam tiněngěran samya gundhul murtad reyab-reyab bathilan sagung wong kapir wěktu iku měngkana těngrěranira	Semua (orang) Islam ditandai gundul. Murtad gondrong, rambut potongan semua orang kafir, waktu itu demikian tandanya.
118.	Datan lami Pangran Bei prapta sampun lan Pangran Disurya lawan saprajuritneki lajěng soan dhatěng Kangjěng Sri Nalendra	Tak beberapa lama Pangeran Bei datang dengan Pangeran Hadisurya serta seluruh prajurit lalu menghadap kepada Sang Raja.
119.	**(h.206)** Mapan nuju lěnggah neng pandhapa iku lan Jěng Paněmbahan Ki Maja kang munggeng ngarsi myang ngulama myang sagung putra santana	Ketika sedang duduk di pendapa dengan Kanjeng Panembahan, Ki Maja ada di depan, serta ulama dan semua para putra kerabat.
120.	Pangran Arya Ngabdulrahman Ngabei iku nulya atur salam dhumatěng Sri Narapati	Pangeran Arya Ngabdulrahman Ngabei lalu memberi salam kepada Sang Raja.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	Pangran Ngabdulrakim Arya Hadisurya	Pangeran Abdulrakim Arya Hadisurya,
121.	Ngaraspada riwus tata lěnggah sampun Sang Nata ngandika dene paman enggal prapti kadospundi Pajang sawingking kawula	mencium kaki, lalu duduk di hadapan. Sang Raja berkata, “Mengapa paman cepat datang? Bagaimana Pajang sepeninggalku?”
122.	Pangran Bei měngkana ing aturipun lujěng sapunika nanging baris mundur sami sing Kělinggen mapan baris wontěn Maja	Demikian jawab Pangeran Bei, “Sekarang selamat tetapi pasukan mundur semua dari Kelinggen pasukan menempati Maja.
123.	Natapraja inggih mundur barisipun Wontěn Majaraga lan sampun kula priksani ing sawetan radinan sadaya	Natapraja juga mundur pasukannya di Majaraga, dan sudah saya lihat di timur jalan semua,
124.	Kang prajurit mapan sampun cacah sewu kapir sapunika pan datan purun mědali marma mantuk kawula yun cukur **(h.207)** ika	prajuritnya berjumlah seribu. Kafir sekarang tak mau keluar, maka pulanglah hamba ingin becukur.
125.	Lan anakmas mapan sampun samya kantun sawarnining tiyang mapan sampun cukur sami Sri Nalendra mesěm aris angandika	dan ananda semua sudah tinggal, semua orang sudah bercukur semuanya” Sang Raja tersenyum halus katanya,
126.	Paman Pajang punapa tan watos iku Pangran Bei turnya mapan kula kantun sami Basah Kasan Běsari lan Natapraja	“Paman, apakah Pajang tidak mengkhawatirkan?” Jawab Pangeran Bei, “Saya tinggal Basah Kasan Besari dan Natapraja,
127.	Samya sagah yen těngga kaliyanipun nanging lamun minggah	keduanya sanggup menjaga, tetapi kalau menyerang,

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	kalihnya dereng kuwawi lawan Basah Ngabdul Latip Martalaya	keduanya belum kuat. Dan basah Ngabdul Latip Martalaya
128.	Pundi ingkang awrat kawula ken tulung yen kĕdhike ngala kados sampun tan matosi nulya luwar Sang Nata gennya sineba	mana yang berat saya minta memberikan pertolongan. Kalau kekurangannya sedikit, sepertinya tidak mengkhawatirkan.” Lalu bubar penghadapan Sang Raja.
129.	Basah tiga Pagelen pan samya nuhun tindhih lintonira Kangjĕng Pangeran Dipati Kang Sinuhun Jĕng Pangran Dipanagara	Tiga Basah Pagelen semua memohon ganti pimpinannya, Kanjeng Pangeran Adipati Sinuhun Kanjeng Pangeran Dipanagara.
130.	Kangjĕng Sultan mapan wus marĕngi iku nging panuhunira Jĕng Pangran Dipanagari kang praju-**(h.208)**-rit status Mĕntawis binĕkta	Kanjeng Sultan sudah mengijinkan, tetapi permohonan Kanjeng Pangeran Dipanagara (yakni) seratus prajurit Mataram dibawa.
131.	Wus kalilan Kangjĕng Pangran budhal sampun mring Pagĕlen ika marma samya nuhun tindhih Basah tiga pan asring sĕlayanira	Sudah diijinkan, Kanjeng Pangeran sudah berangkat ke Pagelen, sebabnya mereka meminta pimpinan, ketiga Basah sering selisih paham.
132.	Ĕnĕngĕna Pagĕlen Pajang winuwus Pangran Natapraja lan Basah Kasan bĕsari mapan asring kinggahan mring kapir ika	Hentikan Pagelen, diceritakan Pajang. Pangeran Natapraja dan Basah Kasan Besari sering diserang oleh kafir
133.	Lawan murtad pan asring kasĕsĕripun nulya atur uninga dadya Jĕng Sultan nindaki dhatĕng Pajang kalawan sawadya kuswa	dan murtad, sering terdesak lalu memberitahu jadi Kanjeng Sultan berangkat ke pajang bersama semua prajurit dan abdi.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
134.	Sampun rawuh ing Kědaren kang Sinuhun lajěng měsanggrahan měngkana kapir dhatěngi Basah kalih kang tinuding měthuk yuda	Sinuhun sudah sampai di Kedaren lalu tinggal di pesanggrahan. Demikianlah kafir datang (menyerang), kedua Basah yang dipilih menghadapi peperangan.
135.	Nulya mangkat pinilih suraya sagung myang wadya Bulkiya měngkana pan sampun prapti ing Jram Gulung kapě-**(h.209)**-thuk campuh ing yuda	Lalu berangkat semua Suraya pilihan dan prajurit Bulkiya. Demikianlah sudah sampai di Jeram Gulung, bertemu lalu terjadi pertempuran.
136.	Langkung ramen ging kapir kuciwa iku mapan kathah pějah kalawan kang murtad sami pan lumajěng kenging ingkang mriyěm tiga	Sangat ramai tetapi kafir kalah, banyak yang tewas, dan murtad semuanya melarikan diri, meriam tiga bisa direbut.
137.	Pan satunggal prajurit Pajang puniku prapta sabilollah rangga ing Kělalung iki Diparěja něnggih namane punika	Satu orang prajurit pajang sampai sabilullah, rangga di Kelalung, Dipareja namanya.
138.	Basah kalih wus mundur sing Jram Gulung lan sakancanira wus prapta kědaren iki ngaturake bandhangan kang mriyěm tiga	Kedua basah sudah mundur dari Jeram Gulung beserta pasukannya. Sudah tiba di Kedaren, menghaturkan jarahan tiga meriam.
139.	Dadya kěndhak kapir malih manahipun tan purun mědala nulya kondur Sri Bupati mring Ngrějasa tan winarna marga prapta	Jadi ketakutan hati kafir (Mereka) tak mau keluar. Lalu Sang Raja pulang ke Rejasa.Tak diceritakan di jalan sudah sampai.
140.	Pangran Bei rěmbag lan Ki Maja iku myang sagung pratiwa ingkang anung-anung sami yen manggunga Sang Nata tědhak pribadya	Pangeran Bei berunding dengan Ki Maja serta segenap punggawa yang unggul semua. Kalau Sang Raja turun selalu sendiri,

No.	Alih Aksara	Terjemahan
141.	Dadya sagung pratiwa tanpa karyeku mĕngkana rinĕmbag kang wadya Mĕntaram sami mapan gilir atugur dhumatĕng Pajang	Sehingga para punggawa tidak ada gunanya. Demikianlah dibicarakan, semua prajurit Mataram bergiliran menjaga Pajang.
142.	Mapan sewu pra-**(h.210)-**jurit giliran puniku ing sawulanira bantoni Kasan Besari Pangran Natapraja mapan bantonira	Ada seribu prajurit yang bergiliran dalam sebulan membantu Kasan Besari. Pangeran Natapraja bantuan
143.	Pitung atus sawab kĕdhik watiripun Gunungkidul ika mapan sampun radin sami ing Pacitan lan Ngawen mapan wus bĕdhah	Kekuatannya tujuh ratus (sehingga) sedikit kekhawatirannya. Gunungkidul semua sudah takluk Pacitan dan Ngawen pun sudah ditaklukkan.
144.	Basah Ngabdul Latip mapan rĕmbagipun pinundhut punika wontĕna ngarsa nrĕpati dadya jangkĕp Basah tiga malih ika	Pendapat Basah Ngabdul Latif disetujui itu di hadapan Raja, jadi lengkap tiga Basah lagi.
145.	Ingkang pancen punika jaga tĕtulung gya katur nalendra mĕngkana rĕmbagnya sami wus marĕngi mapan samya dhinawuhan	Itu memang menjadi penjaga (bila perlu) pertolongan. Segera disampaikan kepada Raja. Demikianlah pembicaraan semuanya sudah diijinkan, semua diperintahkan.
146.	Pangran Ngabdul Rakim inggih anging tunggu ing tanah kewala sakilen Ngayogya sami ingkang kidul Pangeran suryawijaya	Pangeran Ngabdul Rakim juga hanya berjaga di tempat saja di barat Yogyakarta, yang selatan Pangeran Suryawijaya,

No.	Alih Aksara	Terjemahan
147.	Ingkang gilir pan anging tumĕnggungipun kang kidul punika Raden Jayanĕgareki Ingkang kilen Pangeran Sumanaga-**(h.211)**-ra	Yang bergiliran hanya tumenggungnya. Yang selatan Raden Jayanegara, yang barat Pangeran Sumanagara
148.	Birit sagung prajurit myang tumĕnggung mĕngkana wus dadya sabĕn wulan gilir sami lawan malih karsanira Sri Nalendra	semua prajurit dan tumenggung patuh. Demikianlah sudah terlaksana setiap bulan bergiliran. Dan juga kehendak Sang Raja,
149.	Ingkang rayi Pangran Ngabdul Majid iku mapan kinen tĕngga ing Kuwanen lawan malih anampeni lapuran Pajang sadaya	Adinda Pangeran Ngabdul Majid diperintahkan menjaga di Kuwanen dan juga menerima laporan (dari) Pajang.
150.	Ingkang putra Pangran Dipakusumeku kĕdah nuwun medal mĕngkana wus denlilani anindhihi baris aneng Dasasela	Putranda Pangeran Dipakusuma mendesak ingin maju perang. Demikianlah sudah diijinkan, memimpin pasukan di Dasasela.
151.	Kang bupati Raden Arya Sindurjeku Pĕlunĕng barisnya pan langkung santosa sami ingkang ĕler Jatosnem mapan sadaya	Bupatinya Raden Arya Sindureja di Peluneng pasukannya sangat Sentosa. Di utara Jatinom semua
152.	Barisira Basah Khasan Bĕsariku mapan binantonan sewu wadya ing Mĕntawis ingkang wetan radinan mapan sadaya	pasukan Basah Khasan Besari dibantu seribu prajurit Mataram. Yang timur jalan semua
153.	Ngantos dugi ing Ngardikidul puniku Pangran Natapraja mapan iya denbantoni pitungatus nĕnggih prajurit Mĕntaram	Sampai di Gunungkidul Pangeran Natapraja, dibantu oleh tujuhratus prajurit Mataram.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
154.	Pan punika mawi giliran sadarum marmane santosa mĕngkana nuju marĕngi Raden Mĕnggung Jayanagara gilirnya	Itu semua bergiliran maka sentosa. Demikianlah pada saat Giliran Raden Tumenggung Jayanagara
155.	Pan sarĕngan kalawan Kyai Tumĕnggung Mangkuyuda ika mapan lagya aso sami pan kalawan prajuritira sadaya	bersama dengan Kyai Tumenggung Mangkuyuda, ketika sedang beristirahat dengan semua prajurit
156.	Neng Jatosnem Basah Kasan Bĕsariku kabĕrĕg ing mĕngsah mĕngkana salamineki kapir murtad pan nginjĕn-injĕn kewala	Di Jatinom Basah Khasan Besari diserang oleh musuh. Demikianlah selama ini kafir murtad hanya mengintip saja,
157.	Lamun mantuk prajurit Mĕntaram iku gilir dereng prapta mapan lajeng amĕdali kapir murtad Basah mapan ingoyok-oyok	ketika prajurit Mataram pulang gilirannya belum datang lalu maju menyerang kafir murtad. Basah dikejar-kejar,
158.	Ngantos prapta Jatosnem pĕlajĕngipun kapir ngodhol ika mĕngkana wong Pajang sami sarĕng mulat Jatosnem ana barisnya	sampai di Jatinom larinya, kafir terus mengejar. Demikianlah orang Pajang, ketika melihat Jatinom ada pasukan
159.	**(h.213)** Pan tinĕrka mengsah ingkang nyĕgat iku tambuh polahira mangetan wus dencĕgati yen saking doh prajuritnya Mangkuyuda	(mereka) mengira musuh yang menghadang. Kacau ulahnya, ke timur sudah dihadang. Kalau dari jauh prajurit Mangkuyuda
160.	Mapan angler pĕnganggenya saradhadhu mĕngkana na wikan marang tamtama kaeksi nulya warti yen Raden Jayanagara	pakaiannya mirip pakaian serdadu. Demikianlah ada yang memberitahu, oleh tamtama terlihat lalu memberitahu kalau itu Raden Jayanagara.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
161.	Basah Pajang mapan asrěp manahipun lajěng lampahira lawan saprajuritneki sampun panggih lan Raden Jayanagara	Basah Pajang lega hatinya, melanjutkan perjalanananya, dengan seluruh prajuritnya, sudah bertemu dengan Raden Jayanagara.
162.	Basah Pajang mapan asrěp manahipun lajěng lampahira lawan saprajuritneki sampun panggih lan Raden Jayanagara[3]	Basah Pajang tenang hatinya. Perjalanannya berlanjut, bersama seluruh prajuritnya. (Mereka) sudah bertemu dengan Raden Jayanagara.
163.	Atěnapi lawan Ki Mangkuyudeku kapir murtad prapta aneng jawi dhusun sami lajěng ngěpang saking ler lan saking wetan	Demikian juga Ki Mangkuyuda. Kafir murtad datang, di luar pedesaan lalu mengepung dari utara dan dari timur.
164.	Basah Kasan Běsari pan langkung gugup praipu adhi ana-**(h.214)**-k Jayanagara nebdaris mangke Kyai kula pan ajěng rěmbagan	Basah Kasan Běsari sangat gugup garisnya adik dan anak. Jayanagara tenang katanya, “Nanti dulu Kyai saya akan rundingkan.
165.	Kadospundi Ki Mangkuyuda puniku měngsah sampun prapta nging punika mara kalih Mangkuyuda měngkana ing saurira	Bagaimana Ki Mangkuyuda musuh sudah datang, tetapi ini ada dua?” Demikan jawaban Mangkuyuda,
166.	Dawěg anak pan sami bubuhan iku pan sampun baběgjan yen mundura dhatěng pundi mapan sampun samya kabětah punika	“Mari, Nak, bersama membagi (tugas), sudah (begini) keadaannya, kalau mundur kemana? semua sudah tertutup,
167.	Pan kawula ngajěngkěn kang kědhik iku ingkang saking wetan pun anak ngajěngna iki ingkang kathah pan inggih ler punika	saya majukan yang sedikit itu, yang dari timur anaknda majukan yang banyak dari utara,

[3] Bait 162 pengulangan dari bait 161

No.	Alih Aksara	Terjemahan
168.	Kanca Pajang sampun wontěn tumut-tumut pan mindhak kapiran mapan sampun rěmbag sami měngsah ngědrel lawan mariyěm ika	pasukan Pajang tidak usah ikut-ikut, daripada sia-sia.” Semua sudah sepakat. Musuh menembakkan Meriam.
169.	Raden Jayanagara ngabani sampun nyalempret anulya lawan nambur tata nuli langkung grěgut wadya **(h. 215)** Prawiratamtama	Raden Jayanagara memberi aba-aba, membunyikan terompet dan tambur segera disiapkan. Sangat bersemangat prajurit Prawiratamtama.
170.	Mangkuyuda nulya animbangi nambur sarěng ajěngira sarěng medal campuh nuli kapir murtad mapan langkung pangědrelnya	Mangkuyuda lalu mengimbangi menabuh tambur, bersamaan majunya, setelah maju lalu bertempur. Kafir murtad semakin sering menembakkan
171.	Kang mariyěm mapan wus kělajěng kělangkung Prawiratamtama lajěng nusup kukus sami tan prabeda kalawan Ki Mangkuyuda	meriam bahkan terlalu banyak. Prawiratamtama maju menyusup asap, demikian juga Ki Mangkuyuda.
172.	Nulya rukět sanjata lit pějah sampun nging waos kewala acaruk lan sangkuh sami pědhang caruk kalawan dhuwung punika	Lalu bertarung dengan senjata kecil tewas sudah, hanya tombak saja, beradu dengan sangkur, pedang beradu dengan keris.
173.	Kamigilan kapir murtad gya lumayu gělasah bangkenya Eslam mapan lujěng sami nanging tiga ingkang prapta sabilira	Kafir dan Murtad ketakutan lalu lari, jasadnya bergelimpangan. Islam semua selamat, hanya tiga yang sampai sabil,
174.	Mapan samya prajurit jajar puniku kalih kang tamtama sěndhang pitu kang satunggil	semua prajurit jajar dua, yang tamtama Sendang Pitu satu

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	wadya Pajang lajĕng ambujung sĕdaya	Prajurit Pajang lalu mengejar semua.
175.	Pan mengkana yen yuda sĕlamenipun nging bujung lan nyĕgat wis purun tadhah pribadi marma sa-**(h.216)**-ya kapir kathah bangkenira	Begitulah seterusnya kalau bertempur, hanya mengejar dan menghadang. Mereka bersedia menghadapi sendiri, maka semakin banyak jasad kafir.
176.	Ingkang aneng ngajĕng samya glarsah iku kang kĕkecer kathah wadya Pajang kang mĕjahi Raden Jayanagara bandhanganira	Yang di depan semua bergelimpangan Banyak (jasad) yang tercecer, prajurit Pajang yang menewaskan. Jarahan Raden Jayanagara
177.	Mapan angsal mriyĕm kĕkalih puniku Kyai Mangkuyuda pan satunggal mriyĕmneki bangke murtad mancanagara kang kathah	mendapatkan dua meriam. Kyai Mangkuyuda satu meriam, Jasad Murtad mancanagara banyak.
178.	Panaraga kalawan Kĕdhiri iku mapan mantri samya ing Sala mangkono maning sampun katur dhatĕng Kangjĕng Sri Nalendra	Panaraga dan Kediri semua mantrinya di Sala. Demikian sudah disampaikan kepada Sang Raja,
179.	Kang bandhangan mariyĕm tĕtiga puniku mapan Kyai Maja sangsaya tĕkaburneki yata mesem Jĕng Pangeran Ngabei ika	hasil jarahan tiga meriam. Kyai Maja semakin takabur. Adapun Kanjeng pangeran Ngabei
180.	Wus dinuga yen geseh lapuranipun pan adat mĕngkana lamun ana mungsuh prapti wadya Pajang mapan lumayu kewala	sudah diduga berbeda laporannya, sudah biasa demikian. Kalau ada musuh datang prajurit Pajang hanya lari saja,
181.	Basahira ingkang marahi lumayu pan kĕlamenira	Basahnya yang mengajak lari, lama kelamaan

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	kětang-**(h.217)**-gor wadya Měntawis yen měnang nulya ingaku kewala	bersamaan dengan prajurit Mataram, kalau menang lalu diakui saja.
182.	Pan ing wetan radinan měngkono iku Pangran Natapraja langkung rame juritneki mapan mengsah Pangeran Mangkunagara	Demikian di timur pegunungan, Pangeran Natapraja sangat ramai perangnya melawan Pangeran Mangkunagara.
183.	Mapan sarěng tinilar Basah puniku Ngabdul Latip ika Wong ing Pajang purun malih Gunung Kidul pan iku padha mengkana	Setelah ditinggal Basah Ngabdul Latip, orang Pajang mau (berperang) lagi, demikian juga (orang) Gunung Kidul.
184.	Natapraja nanging kantun banthengipun Mas Tuměnggung ika Mangunagara kang dadi paman Mangkunagaran asring kuciwa	Hanya tinggal Natrapaja senapatinya. Mas Tumenggung Mangunagara yang sebagai paman Mangkunagara sering kalah
185.	Basah Nataprajan pan kalih tuměnggung ingkang sabilollah Masaran lan Wěru iki dadya pangran mundur pěsanggrahanira	(melawan) Basah Natapraja dengan dua tumenggung yang berperang sabil (dari) Masaran dan Weru. Perkemahan Pangeran (Mangkunegara) bergeser
186.	Neng Těmbayat nanging lamun prapta iku prajurit Měntaram majěng dhatěng Majaragi Basah Kasan Běsari mapan měngkana	ke Tembayat, namun jika datang prajurit Mataram (lalu) maju menuju Majaragi. Demikian Basah Kasan Besari.
187.	Lamun dereng prapta ingkang gilir mundur mapan barisira pan aneng Lingge puniki **(h.218)** lamun prapta majěng dhumatěng ing Maja	Jika belum tiba, (sekawanan) yang bergilir mundur prajuritnya yang ada di Lingge. Jika tiba, (maka mereka) maju menuju Maja.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
188.	Kawarnaa Jendral Dhe Kok kang winuwus langkung kewranira sabab asring kawon jurit mapan nanging kantun jailnya kewala	Dikisahkan Jenderal De Kock sangat bingung sebab sering kalah berperang, namun hanya (bersikap) jail saja.
189.	Sagung ingkang senapati ingkang agung kang santosa prangnya pan sinuk surat sami[4] nanging mungel saking residen sadaya	Seluruh senapati besar yang sentosa perangnya semua disematkan surat, namun berbunyi (surat) berasal dari semua residen
190.	Sala Yogja Kĕdhu mĕngkana karyeku kang residen samya angicuk lan ngĕbang sami ingkang sĕrat sadaya sami ungĕlnya	Sala, Yogja, Kedhu. Demikian perbuatan semua residen dibujuk dan menerima ganjaran. Semua surat sama bunyinya,
191.	Nanging sagung kang tiniban surat iku lajĕng katur ika kang sĕrat mring Sri Bupati malah ingkang kengkenan sring pinĕjahan	namun semua yang diberi surat langsung diberikan surat kepada Sang Raja. justru yang disuruh sering dibunuh.
192.	Pan sangsaya jendral kewran ing tyasipun nulya layonira Pangran Mangkudiningrati kinondurkĕn kang densuprih putranira	Jenderal sangat kebingungan hatinya. Segera jasad Pangeran Mangkudiningrat dipulangkan supaya diambil puteranya.
193.	Pan sĕdaya punika sagĕda tĕlu-**(h.219)**-k nanging mĕksa nora dadya Kangjĕng Sultan nuli ingkang sĕpuh pan kinondurken nulya	Semua itu (dilakukan) supaya bisa takluk, namun tetap (saja) tidak (berhasil). Kangjeng Sultan segera dipulangkan (bersama) yang tua-tua.
194.	Pan mĕngkana Jendral Dhĕ Kok esthinipun mangsa tan kĕnaa sab iku mapan sami[5]	Demikian niatan Jenderal Dhe Kock tidak berhasil. Sebab semua itu

[4] Kurang satu suku kata
[5] Kurang satu suku kata

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	sagung ingkang putra wayah sedaya	seluruh putera, cucu,
195.	Lawan ingkang abdi punika sedarum kang bupati samya wontěn kang kěmantu iki putra wayah buyut mapan ingkang ana	semua para abdi, seluruh bupati, ada pula yang dijadikan mantu putra, cucu, dan buyut yang ada.
196.	Sarěng sampun rawuh Ngayogja nulyeku tiněmpahken ika Kangjeng Sultan praptaneki sagung ingkang putra wayah praptanira	Setelah tiba di Yogyakarta, segera disambut kedatangannya Kangjeng Sultan (oleh) seluruh anak cucu
197.	Myang bupati sědaya ing praptanipun jalu myang wanodya pan prěnyata iku sami putra wayah Sinuwun Sěpuh sadaya	dan seluruh bupati laki dan wanita. Sungguh semua itu (merupakan) putra dan cucu Sinuhun Sepuh.
198.	Nulya samya pinaring surat sedarum mapan ingandikan sagung putra wayah sami jalu estri **(h.220)** lawan bupati sadaya	Semua diberi surat, lalu diberitahu (yakni) seluruh putra dan cucu laki perempuan beserta semua bupati.
199.	Atěnapi Kangjěng Paněmbahan iku samya aturira ajrih mring kang wayah iki Kangjěng Sultan měngkana wangsulanira	Tetapi Kangjeng Panembahan sama-sama perkataannya takut terhadap cucunda ini. Demikian jawaban Kangjeng Sultan,
200.	Gya pinaring sedaya wangsulanipun mring jendral měngkana nulya jendral aken malih kang Sinuhun Sěpuh kinen kintun surat	“Segera diberikan semua jawaban demikian kepada Jendral. Jendral kembali menyuruh Sinuhun Sepuh (untuk) mengirim surat
201.	Mring kang wayah Kangjěng Sultan prapta sampun kalawan pratela	kepada cucunda Kangjeng Sultan. (Surat) sudah sampai. Dengan jelas (disampaikan) bahwa Jendral tidak bersalah,

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	yen jendral tan lepat iki ingkang lĕpat pan iku rĕsidenira	(adapun) yang salah itu residennya.
202.	Dene mĕngko rĕsiden pan wus denukum putu wis muliha pan aja kĕdawa iki anoleha sira putu marang ingwang	Adapun pada waktu ini residen sudah dihukum. Sudah, pulanglah cucu. Jangan diperpanjang (lagi hal) ini. Percayalah engkau padaku, cucu.”
203.	Kangjeng Sultan pan awrat agami tuhu malah datan arsa ningali kang serat yekti wus dinugi yen jendral karenahira	Kangjeng Sultan sungguh memberatkan (hal) agama, bahkan tidak berkehendak melihat surat itu dengan sungguh-sungguh. Sudah terduga bahwa itu ulah Jendral
204.	Ingkang eyang pan saking ka-**(h.221)**-wiwitipun marmane mĕngkana ingkang paman Pangran Bei ingkang kinen amangsuli mring kang eyang	(dengan) eyang sejak awal. Maka dengan demikian pamanda Pangeran Bei yang disuruh memberi jawaban kepada eyang.
205.	Kangjĕng Sultan mapan ajrih aladipun dhumatĕng kang eyang marma tan arsa ningali dadya sampun pitajĕng dahatĕng kang paman	Kangjeng Sultan takut (terkena) kutuk dari eyang, maka tidak mau melihat (surat itu). (Sultan) sudah percaya dengan pamanda.
206.	Malah surat wangsulan tan arsa dulu Kangjeng Sri Narendra mĕngkana timbalaneki mring kang paman lawan Kangjĕng Panĕmbahan	Justru surat jawaban tidak mau dilihat (oleh) Sang Raja. Demikian mandatnya kepada pamanda, Kangjeng Panembahan.
207.	Myang sagunging pra ulama puniku padha sĕksenana panuwun ingsun ing Widi lamun estu luhure ing tanah Jawa	beserta seluruh ulama, “(Kalian) semua saksikanlah permohonanku kepada Tuhan bahwa tanah Jawa sungguh unggul.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
208.	Kangjěng Eyang mugi meningia iku aja buru seda pan ingsun ayun ngaběkti lamun ora aja měnangi Kangjěng Yang	Semoga Kangjeng Eyang menyaksikan, jangan keburu meninggal. Hamba hendak menghaturkan bakti, jika tidak, jangan mengalami, Kangjeng eyang.
209.	Dadi ingsun mundhak karya susah iku sedaya aturnya mapan sandika puniki nulya ana kang pamit mring Sri Nalendra	(Hal itu) membuat (aku) semakin susah.” Semua perkataannya ditaati. Lalu ada yang berpamitan (kepada) Sang Raja
210.	Ma-**(h.222)**-pan ingkang bibi Kangjěng Ratu iku něnggih namanira Den Ayu Asmaraningsih pan kalilan lajěng kinen dherekěna	yakni bibi Kangjeng Ratu yang namanya Raden Ayu Asmaraningsih. (Ia) diizinkan, lalu diminta (untuk) mengantarkan
211.	Konduripun dhatěng Nagyogya puniku lan winěling ika mring Kangjěng Sri Narapati mapan angler kang mungěl ngajěng punika	pulangnya menuju Yogyakarta, serta diberi pesan untuk Sang Raja. (Pesan) di awal tadi sangat lembut bunyinya.
212.	Praptanira Ngayogja wus tan cinatur měngkana winarna Ki Maja sangět turneki Kangjeng Sultan ngaturan bědhahing Sala	Sudah tidak diceritakan sampainya di Yogyakarta. Demikian yang dikisahkan, Ki Maja sangat berapi-api perkataannya. Kangjeng Sultan dipersilakan menaklukkan Sala,
213.	Sabab datan wontěn kasampunanipun yen botěn rinusak gung murtad ing Sala sami mindhak dados wadhahe kapir punika	sebab tidak ada ketuntasannya bila tidak rusak. Semua Murtad (dalam jumlah) besar ada di Sala, semakin mejadi-jadi kesempatannya Kafir.
214.	Marmanira Ki Maja sangět turipun wadosipun ika watos ing Kasan Běsari	Maka dari itu Ki Maja sangat (berambisi) katanya tentang strategi itu.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	sabab asring kasěsěr denira yuda	(Ki Maja) khawatir tentang Kasan Besari sebab sering kalah dalam berperang
215.	Lamun dereng prapta prajurit Měntarum lan asring sělaya sagung ingkang bantu sami pan sadaya tyasira pan e-**(h.223)**-smu gěla	jika prajurit Mataram belum selesai. Lagipula sering bertikai (dengan) seluruh yang membantu. Semua (yang membantu) hatinya agak kecewa.
216.	Lamun tanglěd wong Pajang asring lumayu pan nilar kewala dadya katěmpah Mentawis saběn-saběn prajurit Pajang měngkana	Jika berperang, orang Pajang sering kabur (dan) meninggalkan saja. Mataram menjadi terkalahkan (jika) tiap waktu prajurit Pajang (berbuat) demikian.
217.	Kyai Maja pan sampun uninga iku mring kang dadya gěla mring sagung wadya Měntawis marma ajrih bilih kapirsa Sri Nata	Kyai Maja sudah memahami tentang (suatu hal) yang membuat kecewa bagi seluruh bala Mataram. Maka dari itu takut bila diketahui raja.